



## **ODISYON PIBLIK VITYÈL SOU PLANNIFIKASYON**

**3 ME 2023**

**POU PWOPROZISYON sou**

**Ranplasman Pon River Street  
Nimewo Pwojè: 606901**

**Administrasyon Pwojè**

**NAN VIL BOSTON, MASSACHUSETTS**

**KOMONNWÈLT MASSACHUSETTS  
DEPATMAN TRANSPÒ NAN MASSACHUSETTS  
DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)**

**JONATHAN GULLIVER  
ADMINISTRATÈ GRANWOUT**

**CARRIE E. LAVALLEE, P.E.  
ASISTAN ENJENNYÈ AN CHÈF**

KOMONNWÈLT MASSACHUSETTS  
DEPATMAN TRANSPÒ MASSACHUSETTS - DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)  
**ANONS POU YON ODISYON PIBLIK**  
Nimewo Dosye Pwojè a : 606901

Yo pral ògànize an Dirèk yon Odisyon Biblik Vityèl pou prezante modèl pou pwojè Ranplasman Pon River Street la nan Boston, MA.

KILÈ 6:00PM, mèkredi 3 me 2023

REZON : Rezon pou odisyon sa a, se pou bay biblik la yon chans pou li byen konprann pwojè Ranplasman Pon River Street la. Tout kòmantè ak opinyon moun bay an rapò avèk odisyon sa a pral ànalize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

PWOPOZISYON: Pwojè a mande pou ranplase tout Pon River Street ki pase anlè ray tren Koridò Nòdès Amtrak/MBTA nan katye Hde Park la nan Boston. Kounye a, MassDOT ap repare pon ki la depi 1883 a, pou fè gen mwens deranjman pou kominate a pandan travay pou ranplase pon an. Men sèlman, ajans lan pwomèt pou bay kominate Hyde Park la yon nouvo Pon River Street, ki pral pi fasil pou antretyen, avèk mwens deranjman anrapò avèk travay reparasyon yo. Pon yo pwopoze a ap genyen yon sèl bann pou sikilasyon nan chak direksyon, ak yon twotwa nan chak direksyon, ak yon bann teren sou kote ki ka sèvi pou bisiklèt. Yo pral deplase akseswa sèvis ki sou pon kounye a, pou mete yo sou yon pon sèvis pèmànon ki sou bò sid estrikti ki la kounye a. Yo pwopoze pou, pandan travay konstriksyon yo, pyeton ak moun ki sou bisiklèt yo gen yon chimen pou travase ray tren an kòm pasaj tanporè.

Yon dwa pasaj sekirize nesesè pou pwojè sa a. Sa kapab mande peman, ak dwa aksè pèmaman oubyen tanporè. Vil Boston, nan Massachusetts, gen responsabilite pou li pran aksyon k ap pèmèt jwenn dwa pou sèvi avèk teren prive ak piblik. Yo pral pale sou règleman MassDOT sou jwenn dwa pou achte teren, pandan reyinyon sa a.

Si yon moun vle voye kesyon sou pwojè a, oswa deklarasyon ekri ak lòt pyès jistifikatif ki anrapò avèk aktivite pwojè a, li mèt voye yo bay Carrie E. Lavallee, P.E., Enjennyè an Chèf nan adrès elektwonnik [MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us](mailto:MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us) oswa nan adrès postal Suite 7550, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention : Pyès pou Administre Pwojè a, Dosye Pwojè Nimewo 606901, dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la dwe gen dat ki montre yo poste omen dis (10) jou ouvrab (oswa 14 jou nan kalandriye a) apre odisyon an fèt.

Pou odisyon sa a, ap gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, vidéyo, aparèy pou moun ki pa tandem byen, oswa dokiman nan fòma alternativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan TTD/TTY (pou moun ki pa tandem byen) nan nimewo (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonnik ([MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us)). Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou odisyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis jou ouvrab davans, anvan jou odisyon an.

Odision sa a pral ògànize, oubyen ànons ànilasyon li pral afiche sou entènèt nan adrès <https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events>.

JONATHAN GULLIVER  
ADMINISTRATÈ POU GRANWOUT

CARRIE E. LAVALLEE, P.E.  
ENJENNYÈ AN CHÈF

## **KISA YON ODISYON PIBLIK YE ?**

### **POU KISA N AP FÈ YON ODISYON PIBLIK ?**

Paske se yon metòd garanti k ap pèmèt Komonnwèlt Masssachusetts la bay piblik la enfòmasyon sou pwopozisyon pou konstriksyon granwout nan Eta a, ak pou bay chak rezidan nan zòn lan yon chans pou di sa li vle sou nenpòt pwojè yo pwopoze. An menm tan, odisyon an ap bay Komonnwèlt la yon chans an plis pou resevwa enfòmasyon nan men sous lokal yo, ki pral enpòtan pou Eta a nan desizyon final l ap pran sou modèl li dwe chwazi pou travay la.

### **POU KISA YO PA VOTE SOU PLAN POU GRANWOUT YO ?**

Objektif odisyon an se pa pou fè yon referandòm pou chwazi yon amelyorasyon majorite moun k ap patisce yo pwopoze. Li pa retire responsabilite ofisyèl nan depatman granwout Eta a, pou yo pran desizyon sou kesyon granwout ki se travay yo.

### **NAN KISA YON ODISYON PIBLIK AP SÈVI ?**

Li fèt pou garanti opòtinite, oswa prezans moun, nan yon fowòm pou pran enfòmasyon konkrè ki anrapò avèk desizyon pou chwazi dènye altènativ Eta a nan enterè piblik la, ak pou chwazi pwojè amelyorasyon yo pral adopte nan pami sa ki pwopoze yo.

Li enpòtan pou moun ki nan zòn lan fè konnen kisa yo wè nan pwopozisyon ki prezante a, pou opinyon yo kapab anrejistre kòm sa dwa nan minit reyinyon an. Minit sa yo pral etidye an detay, epi y ap pran yo an konsiderasyon nan chwa modèl final la.

## KESYON DWA PASAJ

Eta a responsab pou garanti Dwa Pasaj nan pwojè sa a. Si pwopriyete ou, oswa yon moso ladan li, ap vann bay Eta a pou bati granwout nan enterè tout moun nan Komonnwèlt la, dwa ou yo gen pwoteksyon total dapre lalwa. An rezime, men kèk repons pou kesyon ou ka mande yo.

### 1. KI MOUN K AP KONTAKTE MWEN ?

Reprezantan Biwo Dwa Pasaj (Right of Way Bureau) nan Divizyon Granwout Depatman Transpò Massachusetts la. Yo pral esplike w konsekans yo, ak dwa ou genyen dapre pwoteksyon ki nan Chapit 79 Lwa Jenneral Massachusetts yo.

### 2. KISA KI YON PRI REZONNAB POU PWOPRIYETE MWEN AN ?

Chak pri yo ofri ap garanti yon valè ekitab pou pwopriyete ou, oswa pou evalye "domaj" tranzaksyon an ap lakòz pou pwopriyete a. Moun k ap kontribye nan kalkil reparasyon pou domaj yo, se estimatè MassDOT, ak estimatè endepandan, ak "Estimatè Revizyon" MassDOT, ak yon Konsèy Revizyon Evalyasyon Pwopriyete Imobilye. Eta a ap peye tou yon pòsyon pwopòsyonnèl nan taks imobilye pou tarif menm ane a, ansanm ak enterè depi dat pwopriyete a vann lan jiska dat peman an, pou tout enpak yo.

### 3. ÈSKE MWEN OBLIJE AKSEPTÉ PRI DEPATMAN AN OFRI A ?


Non. Si, apre yo ofri pwopriyetè a menm pri ki sou mache a, li kwè toujou yo pa ofri li yon pri rezonnab, pwopriyetè a gen dwa fè apèl devan tribinal anvan twazan pase. Annatandan desizyon tribinal la, yo ka peye pwopriyetè a yon valè "pro-tanto" (ki vle di "pou kounye a") ki pa pral kontrarye desizyon tribinal la nan okenn jan.

### 4. KISA KI PRAL RIVE KAY MWEN AN ?

Pwopriyetè a pral gen yon chans pou achte kay li a ankò, depi li gen yon kote yo kapab mete li, epi li gen pèmi ki nesesè pou deplase kay la. Si pwopriyetè a pa entere se achte kay li a ankò, yo pral vann li alakriye piblik. Moun ki ofri plis lajan an pral kapab achte kay la, depi li genyen tou yon kote pou mete li ak pèmi ki nesesè yo. Osinon, yo pral pran dispozisyon pou demoli kay la.

### 5. KISA K AP RIVE SI MWEN OBLIJE ALE RETE YON LÒT KOTE ?

Anplis valè pwopriyete a sou mache a, Depatman an ap peye kèk nan depans deplasman yo ni pou pwopriyetè ni pou lokatè rezidans ak biznis leta achte yo, si yo satisfè kondisyon pou kalifikasyon yo. Y ap bay asistans pou demenajman. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou avantaj sa yo nan liv Depatman an pibliye.



**Fig 1: Kat Locus**







Fig 2: Koup transvèsal Pwojè yo pwopoze pou ranplasman pon an



**Fig 3: Pon itilitè pèmànan yo pwopoze/peryòd konstriksyon pon bisiklèt/pyeton**

**Fig 4: Koup transvèsal pon itilitè pèmànan yo pwopoze a/peryòd konstriksyon pon bisiklèt/pyeton**





Figi 5: Amelyorasyon yo pwopoze pou entèsekson West Street/Business Street/Gordon Avenue

### **Kote Pwojè a ap Fèt:**

Pwojè a pral fèt sou Pon River Street la, ki janbe River Street sou bò wès Hyde Park Avenue (nan direksyon Dedham) nan katye Boston ki rele Hyde Park la. Pon an pèmèt River Street travèse ray tren Amtrak/MBTA nan Koridò Nòdès la. Anvan yo te fèmen li pou pwoteje piblik la, pon an te pèmèt trafik lokal, ak MBTA, otobis lekòl, bisiklèt, ak trafik pyeton. Pon an genyen tou liy elektrik, gaz, dlo, ak sèvis telefòn ki pase sou li. Gen kab elektrik (katennè) pou tren rapid Amtrak ki konnekte dirèk anba estrikti ki la kounye a.

### **Rezon pou Pwojè a:**

Pon River Bridge la, ki te bati depi 1883, pral ranplase nan menm kote li ye a. Yo pral deplase akseswa ak katennè ki sou pon kounye a, pou mete yo sou pwòp estrikti pèmànan yo. Lè yo deplase akseswa ak katennè yo, sa pral fè enspeksyon ak antretyen pon ranplasman an pi fasil pou MassDOT, epi sa pral redwi enpak lòt enspeksyon k ap fèt pi ta yo, sou kominate Hyde Park la.

### **Kondisyon ki la Kounye a**

Kounye a, MassDOT ap fè reparasyon nan pon ki genyen an, avèk kòm objektif pou louvri li ankò pou trafik nan sezon prentan 2024 la, pou pèmèt fè travay yo prevwa san yo pa bezwen detou ki deranje kominate a.

### **Antretyen Trafik Pandan Travay Konstriksyon an**

Lè pon ki la kounye a retounen louvri ankò, sa pral pèmèt fè travay preparatwa enpòtan, tankou deplasman akseswa ak katennè yo pandan pon an louvri. Pou fasilité travay sa a, pafwa yo pral bezwen fèmen bann sikilasyon yo, men sa pral fèt chak fwa nan yon sèl direksyon, epi sèlmnan pandan lè travay yo ap fèt. Depi travay sa a fini, yo pral bezwen fèmen pon ki la jodi a pou demolisyon ak ranplasman an. An menm tan, yo pral bezwen remete detou ki la jodi a nan wout nòmal yo. Poutèt kalite estrikti pon ki la kounye a genyen, ki se yon Treyi, yo pa ka kenbe yon pati ladan li louvri pou trafik nan yon sèl direksyon, oswa pou aksè ijan pandan pon ranplasman an ap bati. Avèk nesesite pou genyen ase espas anlè katennè Amtrak la, li pa posib pou prefabrike yon pon nan yon lòt kote, pou transpòte ak enstale li nan plas sa a. Pandan y ap demoli ansyen pon an, ak bati ranplasman an, pyeton ak moun ki sou bisiklèt pral kapab pase sou yon platfòm tanporè k ap bati sou pon itilitè a. Yo prevwa pou mande moun ki sou bisiklèt yo desann epi mache ak bisiklèt la sou estrikti tanporè a, pou pwoteje sekirite tout moun.

### **Kalandrive Pwojè a**

Plan ki afiche pou pwojè a kounye a rive nan 25% etap konsepsyon preliminè a. Kòmantè moun fè nan odisyon piblik la pral entegre nan plan konsepsyon final la, toutotan sa posib. Nou prevwa plan konsepsyon final la pral pare, epi nou pral kapab voye mande soumisyon pou pwojè a nan prentan 2024, epi kòmanse travay konstriksyon an nan lane 2025.

### **Konbyen Pwojè a Pral Koute**

Pri total ki prevwa pou pwojè a se anviwon \$12.5 milyon. Finansman konstriksyon an pral soti nan Komonnwèt Massachusetts ak nan Administrasyon Federal pou Granwout (Federal Highway Administration).

KOMONNWÈLT MASSACHUSETTS  
DEPATMAN TRANSPÒ NAN MASSACHUSETTS  
DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)

PWOJÈ ASISTANS FEDERAL

Boston, MA  
Pwojè Ranplasman Pon River Street  
Nimewo Dosye Pwojè a: 606901

Ou mèt ekri kòmantè ou genyen sou paj sa a. Nou mande epi nou apresye sa ou gen pou di. Ou mèt voye kòmantè ou dirèk nan adrès elektwonnik [hydeparkriverstbridge@dot.state.ma.us](mailto:hydeparkriverstbridge@dot.state.ma.us) oubyen voye paj sa a avèk nenpòt kòmantè ou genyen ankò bay :

Carrie E. Lavallee, P.E., Enjennyè an Chèf  
MassDOT – Highway Division  
10 Park Plaza, Boston, MA 02116-3973  
Attn: Administrasyon Pwojè

Dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la dwe gen dat ki montre yo poste omen dis (10) jou ouvrab apre odisyon an.

**TANPRI TAPE OSWA EKRI AN KARAKTÈ LIZIB.**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Non moun lan : \_\_\_\_\_ Tit : \_\_\_\_\_

Òganizasyon : \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_

---

Tanpri Pliye epi Kole

---

---

---

---

Tanpri Mete  
Valè Tenm  
Kòrèk la Isit  
la

Carrie E. Lavallee, P.E.  
Enjennyè an Chèf  
MassDOT – Highway Division  
10 Park Plaza  
Boston, MA 02116-3973

RE: Odisyon Piblik Vityèl  
Pwojè Ranplasman Pon River Street  
**BOSTON (HYDE PARK)**  
Nimewo Dosye Pwojè: 606901  
Attn: Administrasyon Pwojè

---